

**GRAND RAPIDS  
WEST INTERNATIONAL**  
*Church of the Nazarene*

1313 Bristol Ave NW  
Grand Rapids MI 49504

**616-453-5550 • 616-328-4939**

[grwest.int@outlook.com](mailto:grwest.int@outlook.com)

[fb.com/grwichurch](https://fb.com/grwichurch)

[grwi.org](http://grwi.org)



Nan Legliz Grand Rapids West International, Bondye toujou prezan, nou pratike lasentete, nou resevwa nouvo konvèti ak de bra louvri, w'ap jwenn lagras Bondye, padon, ak lespwa k'ap boujonnen. Nou se yon kominote ki mete tèt ansanm e ki rete nan dyalòg avèk Bondye.

**Lekòl Dominikal**

Dimanch 10:00 AM

**Etid Biblik**

Mèkredi 6:00 PM

**Sèvis Adorasyon**

Dimanch 11:00 AM

**Reyinyon Priyè**

Vandredi 6:00 PM

## **Ki kote nou jwenn fòs nou?**

Nan Senyè a Bondye nou an!

### **Sòm 46:1-3**

Se Bondye ki tout pwoteksyon nou, se li menm ki tout fòs nou.

Li toujou pare pou ban nou sekou lè nou anba tray.

Se poutèt sa, nou te mèt wè tè a ap tranble, nou te mèt wè mòn yo ap chavire tonbe nan mitan lanmè, nou pa bezwen pè anyen.

Nou te mèt wè lanm lanmè yo move, y'ap kimen, jouk mòn yo rive tranble lè lanmè a ap frape sou rivay la, nou pa bezwen pè.

### **Neyemi 8:10**

Pa kite lapenn pran nou!

Kontantman Bondye ap mete nan kè nou an va ban nou fòs!

### **Ezayi 41:10**

Nou pa bezwen pè. Mwen la avèk nou!

Pa kite anyen ban nou kè sote. Se mwen menm ki Bondye nou.

M'ap ban nou fòs, m'ap ede nou.

M'ap soutni nou ak fòs ponyèt mwen ki pa janm pèdi batay.

### **Egzòd 15:2**

Seyè a, se tout fòs mwen. Se pou li m'ap chante.

Se li menm ki delivre m'. Se Bondye m' li ye, m'ap fè lwanj li.

Se Bondye zansèt mwen yo, m'ap di jan li gen pouvwa.

### **Filipyen 4:6-7**

Pa bay kò nou traka pou anyen. Men, nan tout sikonstans mande Bondye tou sa nou bezwen nan lapriyè.

Toujou sonje di l' mèsè tou lè n'ap lapriyè.

Konsa, Bondye va ban nou kè poze nan jan pa l', bagay lèzòm pa ka konprann; l'a kenbe kè nou ak lespri nou fèm nan Jezikri.

• • •

### **Sòm Remèsiman**

(Remèsiman an kominote)

65, 67, 75, 107, 124, ak 136

(Remèsiman pèsonèl)

18, 21, 30, 32, 34, 40, 66, 92, 108, 116, 118, ak 138